



### **Akademisyen Marie Rodny Laurent ESTÉUS**

Marie Rodny Laurent ESTÉUS fèt 26 jen 1968 nan komin Lenbe, depatman Nò. Li etidye Lengwistik (*Faculté De Linguistique Appliquée*, 1990-1995). Li fè yon metriz an «Français langue étrangère» (*Université des Antilles et de la Guyane*, 2007). Li etidye tou Syans Jiridik nan Lekòl Dwa Gonayiv.

#### **Pwodiksyon**

Marie Rodny Laurent ESTÉUS patisipe nan plizyè piblikasyon tankou:

- *Koute, pale, li, ekri : 4 chemen konnen, biwo lang Kreyòl*, SEA nan lane 1995
- *Pen boutèy diven banbou*, FOKAL, nan lane 2002
- *Pawòl fanm pou chanjman*, nan lane 2004
- *Haitian Creole English Bilingual Dic34tionary*, Creole Institute – Indiana University: élaboration de definition, 2000 Port-au-Prince

#### **Angajman**

Pou kesyon angajman nan pwomosyon, defans ak valorizasyon lang kreyòl la, Marie Rodny Laurent ESTÉUS non sèlman li prezante anpil konferans toupatou, men li entèveni plis nan domèn sa yo:

- Edikasyon
- Lengwistik

Se « Créole trans » ki te rekòmande kandidati Marie Rodny Laurent ESTÉUS pou te vin manm Akademi Kreyòl Ayisyen an.